

Pou Piblikasyon Imedya: 12/09/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO SIYEN "LWA ELIJAH" A KI EGZIJE POU GADRI YO SUIV  
REKÒMANDASYON YO POU ANPECHE GWO REYAKSYON ALÈJI ALIMANTÈ EPI  
ENTÈVNI LÈ SA RIVE KANMENM**

*Li elaji pwoteksyon ki deja anplas yo pou sove lavi nan lekòl yo pou aplike yo tou  
nan tout pwogram gadri yo*

*Cuomo: "Kòm papa, mwen konnen pa gen anyen ki fè yon moun plis pè pase pou  
yon bagay rive pitit ou - sitou lè w kite l nan men lòt moun. Mwen fyè siyen mezi  
lejislatif sa a ki pral bay paran yo lapè nan tèt epi pral ede garanti anplwaye gadri  
yo resevwa fòmasyon kòmsadwa pou yo entèvni nan ka ijans epi anpeche  
trajedi".*

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te siyen lejislasyon (S.218B/A.6971B) ki egzije pou tout pwogram gadri yo nan New York suiv rekòmandasyon yo pou anpeche gwo reyaksyon alèji alimantè epi entèvni lè sa rive kanmenm. Nouvo lwa a ki rele "Lwa Elijah (Elijah's Law)", pote non Elijah Silvera, yon timoun 3 zan nan Vil New York yo te bay yon sandwich fwonmaj griye pandan li te nan gadri malgre yo te konnen li te fè alèji grav ak pwodui letye. Lè Elijah te fin fè gwo reyaksyon alèjik yo pa t di manman an sa li te manje epi yo pa t rele 911. Elijah te mouri an Novanm 2017.

"Kòm papa, mwen konnen pa gen anyen ki fè yon moun plis pè pase pou yon bagay rive pitit ou - sitou lè w kite l nan men lòt moun", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Mwen fyè siyen mezi lejislatif sa a ki pral bay paran yo lapè nan tèt epi pral ede garanti anplwaye gadri yo resevwa fòmasyon kòmsadwa pou yo entèvni nan ka ijans epi anpeche trajedi. Kè mwen akonpaye fanmi Elijah, ki te souffri yon pèt terib epi ki te gen pèseverans pou ede pwoteje lòt timoun."

**Senatè Brian Benjamin te deklare,** "Elijah Silvera te gen twazan sèlman lè yo te ba l manje yon sandwich fwonmaj nan yon gadri ki te resevwa bonjan avètisman sou alèji li ak pwodui letye. Sa te fè m mal anpil lè fanmi l te di m li te mouri poutèt chòk alèjik, epi mwen te pwomèt mete tèt ansanm avèk Manm Asanble Al Taylor pou garanti sa pa rive yon lòt timoun ak yon lòt fanmi nan New York. Mèsi, Gouvènè Cuomo, dèske w siyen pwojè lwa sa a, ki egzije pou gen yon plan anplas pou anpeche trajedi yo te kapab evite tankou pa Elijah a".

**Manm Asanble Al Taylor te deklare,** "Nan Etazini gen an mwayèn de timoun nan chak saldeklas ki gen alèji alimantè grav. Ankenn fanmi pa ta dwe ap viv nan laperèz pou pitit yo pa souffri kriz alèji san pa gen pèsonn la ki kapab trete li. Lwa Elijah a pral amelyore sekirite tout timoun gras a garanti pou yo pi byen okipe jèn yo nan anviwònman aprantisaj epi pou sant pedagojik yo gen fòmasyon ak resous ki nesèsè yo pou anpeche ak trete gwo reyaksyon alèjik. Mwen remèsye Gouvènè a, kòlèg mwen yo, ak

sitou fanmi Silvera a ak Fondasyon Eko Elijah a (Elijah's Echo Foundation) anpil dèske yo ede ratifye pwojè lwa sa a. Gras a Lwa Elijah a nou pral garanti pa gen lòt fanmi nan New York ki janm gen pou sibi yon trajedi konsa".

Deja gen politik pou gwo alèji alimantè ki anplas nan distrik eskolè New York yo. Pwojè lwa a egzije pou pwogram gadri yo suiv menm rekòmandasyon ak pwosedi yo pou prevansyon gwo reyaksyon alèjik ak entèvansyon dijans lè ka sa yo rive kanmenm. Se Komisè Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta New York la ki pral elabore rekòmandasyon sa yo an konsiltasyon avèk pedyat ak espesyalis alèji epi l ap gen ladan kou fòmasyon pou pèsònèl, mezi prevansyon pou redui danje pou timoun yo antre an kontak avèk alèjèn yo, ak pwotokòl entèvansyon dijans.

Pwojè lwa a t ap egzije tou pou Komisè Sante a elabore enfòmasyon k ap detaye politik yo sou gwo reyaksyon alèjik epi pou yo distribye yo nan gadri, nan konsèy eskolè lokal yo, nan lekòl endepandan yo, ak nan konsèy sèvis pedagogik koperatif yo, epi pou yo fè enfòmasyon sa yo disponib sou sit wèb DOH la.

Lekòl yo ak gadri yo t ap oblije voye yon avètisman pou paran yo ak responsab yo pou mete yo okouran politik yo sou gwo reyaksyon alèjik.

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)